

Konsèy Jistis Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #21

Jedi, 21 Out, 2025

Lokal: Drury High School, 1130 Church St, North Adams, MA, 01247
6:30 p.m. to 8:00 p.m.

Minit Reyinyon yo

Lokal Reyinyon an: An-pèsòn

Dokiman Reyinyon an: Ajanda, Paj Prezantasyon yo

Manm Konsèy yo:

- María Belén Power, Sousekretè EEA ki soti nan EJ & Ekite (An-pèsòn)
- Marcos Luna- An-pèsòn
- Jen Salinetti- An-pèsòn

- Kalila Barnett – vityèl
- Madeline Fraser Cook- virtual
- Melissa Ferretti- vityèl
- Patricia Spence- vityèl

- Cheryll Holley- pa prezan
- Caroline Hon- pa prezan
- Lydia Lowe- pa prezan
- Peter Maathey- pa prezan
- Sofia Owen- pa prezan
- Ari Zorn- pa prezan
- Miles Gresham- pa prezan

1. Byenvini epi Apèsi sou Lojisyèl Reyinyon an

María Belén Power akeyi patisipan yo.

Sophia Spungin te bay yon apèsi sou lojisyèl reyinyon an, sa ki enkli itilizasyon bwat kesyon ak repons (Q&A) la ak disponiblite entèprèt yo.

2. Apèsi sou Ajanda/Pwogramasyon an

María Belén Power revize ajanda reyinyon an.

3. Fè Apèl Prezans/Apwobasyon Minit Ansyen Reyinyon yo

María Belén te fè apèl prezans pou manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, te gen manm konsèy sa yo ki te prezan: Marcos Luna, Jen Salinetti, Kalila Barnett, Madeline Fraser Cook, Melissa Ferretti, ak Patricia Spence.

Moun sa yo ki site la pami manm konsèy yo pa t prezan: Cheryll Holley, Caroline Hon, Lydia Lowe, Peter Maathey, Sofia Owen, Ari Zorn, ak Miles Gresham.

María Belén te rekonèt/okouran mank kowòm pou reyinyon sa a. San kowòm, manm konsèy yo p ap ka ni vote ni pran desizyon.

4. Premye Kesyon Piblik ak Sesyon Repons

Patisipan piblik ki te vityèl yo te fè kòmantè epi pataje enkyetid yo:

- Yon patisipan te mande pou gen yon amannman nan pwose vèbal reyinyon EJC 17 la ak yon koreksyon sou orijin òganizasyon an (Taunton, MA). Patisipan an te eksprime enkyetid li konsènan pwoblèm sekirite piblik ak sante anviwònman nan Taunton, MA.
- Yon patisipan te eksprime enkyetid li konsènan revokasyon yon sibvansyon jistis anviwònman an ak konsistans aksè ak enklizyon nan reyinyon ajans Biwo Egzekitif Massachusetts la.

5. Prezantasyon sou Lwa Massachusetts Ready Act la (Lwa sou Obligasyon Anviwònman an)

Sousekretè pou Anviwònman an, Stephanie Cooper, ki soti nan **Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman Massachusetts la**, te fè yon apèsi sou Lwa Massachusetts Ready Act la. Lwa Massachusetts Ready Act la sèvi pou ranfòse ak pwoteje kominote yo an repons a baryè/defi chanjman klimatik la. Sousekretè Cooper te dekri plan ki te fèt pou etabli objektif estratejik pou reyalize enfrastrikti rezistan, restore rivyè yo, repare pak leta yo, diminye dechè solid yo, bay priyorite a lanati, epi adrese kontaminan anviwònman yo.

Manm Konsèy yo te mande sou kapasite konsèy la pou bay opinyon sou pwosesis la, detay sou fon/lajan yo prete, enkyetid konsènan leve restriksyon pèmi yo ki gen enpak sou kominote endijèn yo, direktiv ak pwosesis akizasyon yo, ak opòtinite EJC a genyen pou amelyore kominote EJ yo ak Òganizasyon ki Baze nan Kominote a.

6. Dezyèm Kesyon Piblik ak Sesyon Repons

Patisipan piblik ki te vityèl, ak sa ki te an pesòn yo tef è kòmantè epi pataje enkyetid ak sijesyon yo.

- Yon patisipan piblik te mande pou yo mete fon/lajan wotasyon disponib pou kominote defavorize yo epi, finalman, pou posiblite pou fon yo ka padone/efase. Anplis de sa, patisipan an te rekonèt difikilte pou kenbe sibvansyon ranbousab pou ti gwoup jistis anviwònman lokal yo. Anrapò ak aksè lang, patisipan an te ankouraje posiblite pou yo bay Demann Pou Pwopozisyon sibvansyon nan plizyè lang.

- Yon patisipan vityèl te ekspriye enkyetid li konsènan retire referans ki fè referans a jistis anviwònman ak divèsite. Anplis de sa, patisipan an te mande pou popilasyon jistis anviwònman nan Cape Cod yo kapab bay opinyon nan Superfunds (sipèsibvansyon).
- Yon patisipan vityèl te ekspriye enkyetid li paske li pa t kapab resevwa repons nan men Depatman Konsèvasyon ak Lwazi.
- Yon patisipan vityèl ki soti nan Konte/katyè Berkshire te ekspriye enkyetid li konsènan kriz sante ki genyen nan Pittsfield, MA. Sa ki enkli pwoblèm sante ki asosye ak pwoksimite ak sit Superfund yo.
- Yon patisipan piblik ki soti Berkshires te mete aksan sou enpòtans pou bay priyorite aspè "mikwo" yo (tankou aksè lang, opòtinite sibvansyon aksesib pou kominote yo) ki reyèl pou ti kominote yo. Patisipan an te ankouraje relasyon endividyèl ak kominote yo.

Kòmantè nan bwat Q&A mansyone pa anba a

#	Kesyon	Non Moun ki Poze Kesyon an	Repons
1	Epou devlopman mendèv Agrikilti, lapèch, aktivite lwazi ki gen rapò ak dlo, biznis, aprantisaj jèn nan Kò Konsèvasyon Jèn nou an, devlopman karyè nan Endistri Anviwònman an?	John G Andrade	Mwen dakò, tout bagay sa yo enpòtan epi se yon bagay nou sipòte, pa egzanp Conservation Fellows DCR (Patizan Konsèvasyon DCR) ak konsèy Lidèchip Jèn MDAR a ki resevwa sipò finansman fonksyonman.
2	Kisa sipòte fèm/plantasyon yo vle di si sa pa vle di bay fèm yo aksè a plis finansman pou rezilyans klimatik? Èske se jis bay lajan pou pwogram ki deja egziste yo?	Angela Roell	Pwojè lwa a pral otorize yon seri pwogram finansman pou sipòte fèm/plantasyon yo tankou sa yo dekri nan sit sa la: https://www.mass.gov/guides/agricultural-grants-and-financial-assistance-programs

7. Pwochen Etap epi nou Relache/Fini

María Belén raple manm konsey yo konsènan pwochen reyinyon **23 Oktòb la** nan **Leominster, MA**.

María Belén kanpe/fèmen reyinyon an a 8:33 pm.